

**KONNEN DWA w YO:** Twouve yon Entèprèt Jidisyè

Tribinal Rhode Island yo founi sèvis entèpretasyon **gratis** pou pwosedi jidisyè yo, jan lalwa federal ak eta a egzije sa. Egalman, sa aplike pou tribinal minisipal yo.

**Kontakte Biwo Entèprèt Tribinal Rhode Island (OCI)  
a lè w konnen dat odyans ou a, pou mande yon entèprèt!  
Rele (401) 222-8710 oswa voye yon imèl nan [oci@courts.ri.gov](mailto:oci@courts.ri.gov)**

*Si w gen yon avoka, se yo ki dwe rele pou ou paske se  
yo ki dwe voey demann lan bay greffye tribinal la.*

Ou kapab jwenn sèvis entèprèt pou plizyè ka kriminel ak sivil: akizasyon, revizyon, odyans, pwosè ak konferans pou toulède pati yo ak temwen yo.

**Si w deja nan tribinal la epi w bezwen yon entèprèt:** Adrese w ak greffye tribinal oswa yon cherif. Si w pa gen yon avoka, epi w pale yon lòt lang apa

de espanyòl, yo kapab mande pou w itilize yon kat idantifikasyon lengwistik pou idantifye lang ou pale a. Tribinal la ap eseye jwenn yon entèprèt pou jou sa a, si sa posib, oubyen pou pwochen dat odyans ou a.

**Entèprèt yo se pwofesyonèl ki gen trè bon kalite**ki founi tradiksyon san patipri. Yo pa dwe janm mande oswa otorize yon manm fanmi, zanmi, avoka, jij oswa anplwaye jidisyè ki pa entèprèt kalifye pou sèvi w kòm entèprèt.

**Konsènan dwa w yo:** Ou gen dwa ak yon entèpretasyon san patipri, konplè epi egzak nan tout pwosedi jidisyè yo. Si yon ajans gouvènmantral refize ede w paske w pa pale, li oswa konprann anglè byen, yo vyole lalwa.

Si w pa pale anglè epi w gen difikilte pou jwenn yon entèprèt nan yon tribinal RI, kontakte OCI nan [interpreterfeedback@courts.ri.gov](mailto:interpreterfeedback@courts.ri.gov) oswa nan 250 Benefit Street, Providence, RI 02903 pou founi fidbak oswa depoze yon plent.

Si w estime yo vyole dwa w yo, kontakte ACLU nan Rhode Island. Kat pòtfey sa a pa reprezante yon avi jiridik.

**ACLU** ACLU of Rhode Island  
AMERICAN CIVIL LIBERTIES UNION  
FOUNDATION 128 Dorrance St. Ste 400  
Providence, RI 02903  
**Rhode Island** [www.riaclu.org](http://www.riaclu.org)